

# ÈD CHOMAJ DEZAS

## *Kesyon ki Mande Souvan*

**Mwen te pedi djob mwen a apre dezas la. Eske mwen elijib pou Èd Chomaj Dezaz (DUA)?**  
Si pou pa gen travay akòz de dezas la, ou kapab elijib pou Èd Chomaj Dezaz (DUA) menm si pou pa kalifye pou Èd Chomaj Konpensasyon/Reanplwayman (RA/UC). Pou egzanp, ou kapab elijib pou DUA si:

- A. Si ou te pedi travay kom rezilta direk dezas la; ou
- B. Ou pa't kapab ale travay akòz de dezas la; ou
- C. Ou te sipoze komanse travay a yon nouvo djob, men ou te pedi djob la akòz de dezas la; ou
- D. Ou te vin responsab pou revni lakay la apre tet kay la te mouri akòz de dezas la; ou
- E. Ou pa kapab travay paske ou te vin blese nan dezas la.

**Eske mwen kapab kalifye pou Èd Chomaj Dezaz si mwen travay poutet mwen?**

Wi, si ou travay poutet ou, ou kapab kalifye pou DUA si:

- A. Ou te antre nan chomaj kom rezilta direk dezas la; ou
- B. Ou pa kapab rive a kote ou pèfòme sèvis ou yo; ou
- C. Ou te sipoze komanse travay poutet ou men ou pa gen yon kote pou fe travay la akòz de dezas la; ou
- D. Ou pa kapab travay paske ou te vin blese pa dezas la.

**Ki lot bagay mwen bezwen montre pou'm vin elijib pou benefis DUA?**

Ou ap bezwen montre ke:

- A. Ou te travay ase pandan ane pase a; e
- B. Ou rejistre pou travay a Sant CareerSource lokal ou a e kapab e disponib pou travay, mweske:
  - o Ou te blese kom rezilta siklon nan e pa kapab travay akòz de blesi a; ou
  - o Ou t'ap travay poutet ou anvan siklon nan, e ou ap eseye ranje biznis ou.

**Eske imigran elijib pou DUA?**

Wi, si ou gen papyè travay valab e ou se yon citwayen U.S., rezidan pèmanan legal (gen kat vè), refijye, asylee, antran Cuban/Ayisyen, moun pawol pou yon ane ou plis, antran kondisyonel, viktim vyolans domestik, oswa ou te resevwa anrete depòtasyon.

### **Kote mwen aplike pou Èd Chomaj Dezas?**

Gen twa kalite pou aplike:

1. Sou intènèt la - a [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org).
2. Pa telefon - Rele 800-204-2418 (si intènèt la pa pratikal oswa reklamasyon nan bezwen èd spesyal). Aplikasyon papyè kapab faksè a Department of Economic Opportunity, Unemployment Compensation Records Unit a (850) 921-3912 oswa voye nan lapòs a:  
P.O. Drawer 5750  
Tallahassee, FL 32314-5750
3. Sant CareerSource la ki pi pre ou gen yon òdinatè ou kapab itilize pou aplike.
  - Kinenpòt jan ou aplike, asire ke ou fe yo konnen ou ap file pou yon reklamasyon ki gen relasyon a dezaz la.

### **Kilè mwen dwe aplike pou DUA?**

Ou dwe aplike pou DUA andan 30 jou apre dezaz la, mweske dat limit aplikasyon nan ogmante. Ou dwe aplike ak tout vites paske gen chans ou ap bezwen retann pou menm rive twa semèn anvan primyè chek ou voye a ou. Si ou pa't kapab aplike anvan dat limit la, tanpri kontakte biwo nou yo pou èd.

### **Ki kantite tan mwen kapab resevwa benefis DUA?**

Ou selman kapab resevwa benefis DUA pou 26 semèn (6 mwa) apre yon dezaz.

### **Kisa si yo di mwen ke mwen pa elijib pou benefis DUA?**

Ou gen dwa korije desizyon nan andan swasant (60) jou depi dat Notis Detèminasyon nan. Sa pi long ke benefis UA nòmàl. Ka ou ap planifye pou yon tribinal anvan yon Abit Revizyon. Si ou bezwen yon moun pou tradwi, ou dwe mande pou yon ak tout vites. A tribinal la, ou ap bezwen eksplike a Abit Revizyon nan poukisa desizyon nan pa't korek e poukisa ou dwe resevwa DUA. Ou dwe pran temwaye e dokiman avèk ou pou pwouve ka ou.

Pou plis enfòmasyon, souple kontaké:

Legal Aid Service of Broward County, Inc. 954/785-8950 or  
Coast to Coast Legal Aid of South Florida, Inc. 954/738-2400



**THE FLORIDA BAR  
FOUNDATION**